



RÈGLEMAN ENTÈN MANB FONDATÈ

Atik 1- Definisyon Manb Fondatè.

1.1- Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO), se **Gason ak Fanm** ki rejwenn premye inisyatè lide a. Se moun ki pataje, makònèn epi aksepte filozofi pwomotè lide a ap fè pwomosyon pou li a.

1.2- Tout moun sa yo ki vini **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, yo vini genyen menm dwa ak pwomotè lide a nan tout desizyon depi se pou bon avansman ak ranfòsman **Òganizasyon** an. Nan sans sa a, **Manb Fondatè** yo se fanmi, ak zanmi, ki rejwenn pwomotè lide a pou fòme Premye pi gwo **Estrikti Òganizasyon** an.

Atik 2- Reprezantasyon Kategori Manb Fondatè (Board).

Kategori Manb Fondatè (Board) Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO), genyen yon **Estrikti** ki ap dirije li ki pote non: **Komite Manb Fondatè (KMF)**. Se **Komite** sa a ki la pou dirije ak administre tout kesyon ki konsène **Òganizasyon** an ki genyen pou reyini, diskite ak debat tout dosye ki pote sou objektif **Òganizasyon** an ap pousuiv lòske yo genyen konvokasyon ki soti nan **Komite Manb Fondatè (KMF)**.

Atik 3- Konpozisyon Manb Komite.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Manb Fondatè (KMF)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- Prezidan.
- Sekretè Jeneral.
- Responsab Trezò.
- Pòt Pawòl.
- Konseye Jeneral.

Atik 4- Kategori Manb Fondatè.

Kategori Manb Fondatè (Board) la ki nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** genyen **Dwa Veto**. **Manb Fondatè** sa yo ap genyen pou diskite ak pran desizyon nan reyinyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap genyen pou planifye. Sepandan, **Manb Fondatè** sa yo kapab kase tout desisyon ki pa kadre ak **objektif, Vizyon, Misyon Òganizasyon** an. Epi **Manb Fondatè** sa yo tou kapab mande ak **KMF** bon jan eksplikasyon sou fonksyonnan **Òganizasyon** an.

Atik 5- Atribisyon Manb Komite.

Komite Manb Fondatè (KMF) genyen pou atribisyon:

- Planifye ak pwograme gwo desizyon estratejik **Òganizasyon** an.

- Pwopoze plan tavay ak potfèy bidjè anyèl **Òganizasyon** an.
- Elabore bidjè **Komite Manb Fondatè (KMF)** pou sipote **Òganizasyon** an.
- Veye sou bon fonksyonnan **Òganizasyon** an pa rapò ak **Estatí epi Règleman Entèn** yo.
- Evalye travay **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** **Òganizasyon** an ap fè.
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon pou entegre yo nan **Òganizasyon** an.
- Resevwa doleyans, sigjesyon, kont randi, rekòmandasyon **Manb Aderan (Team)** ak **Manb byenfetè (Staff) Òganizasyon** an.
- Resevwa rapò, kont randi, sigjesyon, rekòmandasyon **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE) Òganizasyon** an.
- Pataje rapò, enfomasyon ak tout lòt manb yo nan **Òganizasyon** an.
- Nome manb nan komisyón **Òganizasyon** an si sa nesese.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou manb ki fotif nan **Òganizasyon** an.

Atik 6- Fonksyon Manb Komite.

A- Prezidan.

- Reprezante ak reponn ak tout konvokasyon, aktivite yo envite **Òganizasyon** an sou plan nasional ak entènasyonal.
- Konvoke **KMF** ak tout lòt **Estrikti Òganizasyon** an nan reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo.
- Prezide reyinyon **KMF** pou yo pran desizyon pou **Òganizasyon** an.
- Prezide seyans **Asanble Jeneral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM) Òganizasyon** an.
- Konvoke manb yo nan **Asanble Jeneral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM) Òganizasyon** an.
- Delibere sou desizyon ki pou sòti nan **Asanble** yo: **Asanble Jeneral (AJ) Òganizasyon** an ak **Asanble Jeneral Manb (AJM) Òganizasyon** an.
- Otorize ak **KMF** integrasyon nouvo manb aprè etid ak verifikasyon dosye kandida a nan **Òganizasyon** an.
- Veye sou bòn mach **Òganizasyon** an ak sou desizyon **Asanble Jenaral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM)** yo pran.
- Siyen tout dokiman administratif **Òganizasyon** an.
- Bay apwobasyon sou tout depans ki ap fèt sou non **Òganizasyon** an.
- Siyen ak **Sekretè Jeneral** la pwosè-vèbal reyinyon **KMF Òganizasyon** an.
- Siyen ak **Responsab Trezò** a rapò finansye **KMF Òganizasyon** an.
- Kontwòle tout aktivite **Òganizasyon** an ap fè.
- esevwa tout rapò **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** ap genyen pou soumèt ak **KMF**.

B- Sekretè Jeneral.

- Konsève ak ranje tout rejis manb ak tout lis byen, ekipman, materyèl, **Òganizasyon** an.
- Ajoute tout nouvo manb, manb ki kite ak sa ki mouri nan rejis manb **Komite Manb Fondatè (KMF) Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.
- Resevwa epi transmèt dosye nouvo manb **Òganizasyon** an ak **Prezidan** pou swivi.
- Ekri lèt invitasyon, fè apèl ak tout manb **KMF** ak rès manb yo ki nan **Òganizasyon** an lè genyen reyinyon.
- Pran nòt lè genyen reyinyon **KMF** ak reyinyon **Asanble Jeneral (AJ)** epi ak reyinyon **Asanble Jeneral Manb (AJM) Òganizasyon** an.

- Ekri tout pwosè-vèbal reyinyon **Òdinè ak Ekstawòdinè KMF Òganizasyon** an.
- Fè lekti pwosè-vèbal ak kont randi reyinyon **KMF Òganizasyon** an.
- Anrejistre tout desizyon ki pran nan **Asanble Jeneral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM) Òganizasyon** an aprè li fini resevwa yo nan men **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)**.
- Jere tout dokiman administratif **Òganizasyon** an nan tèt kole ak **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)**.
- Klase tout dokiman ki sòti anndan ak deyò **Òganizasyon** an pou kapab estoke yo sou sit **Òganizasyon** an ak rejis fizik yo.
- Siyen ak **Prezidan** an pwose-vèbal ak rapò administratif **KMF Òganizasyon** an.

C- Responsab Trezò.

- Resevwa kotizasyon mansyèl obligatwa ak montan anyèl kès asistans sosyal **KMF Òganizasyon** an.
- Jere tout antre ak depans **KMF Òganizasyon** an ap fè.
- Jere fason lajan ap rantre nan kès ak kont labank **Òganizasyon** an nan tèt kole ak **Prezidan** an.
- Jere tout depans asosyasyon an ki sòti nan bidjè **KMF Òganizasyon** an te vote a.
- Kolekte tout chif sou byen **Òganizasyon** an posedè an espès epi an nati.
- Ekri bidjè fonksyonnan **KMF Òganizasyon** an.
- Resevwa bidjè fonksyonnan **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE) Òganizasyon** an.
- Anrejistre tout antre ak sòti lajan **Òganizasyon** an sou baz dokiman **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** a ap soumèt.
- Mete disponib tout pyès ki jistifye acha, depans, dèt, prè, don sou non **Òganizasyon** an.
- Prezante eta finansye lè genyen reyinyon **KMF** epi ak lòt **Estrikti Òganizasyon** an.
- Prezante rapò finansye nan **Asanble Jeneral (AJ) Òganizasyon** an.
- Siyen ak **Prezidan** an rapò finansye **KMF Òganizasyon** an.

D- Pòt Pawòl.

- Pran lapawòl nan non **Òganizasyon** an sou plan nasyonal ak entènasyonal lè **Prezidan** an anpeche.
- Kominike pawòl ak mesaj empòtan **KMF** ak tout rès manb yo epi ak lòt **Estrikti Òganizasyon** an.
- Reprezante **Òganizasyon** an nan envitasyon ofisyèl yo sou delegasyon **KMF**.
- Fè kont randi lè li deplase nan envitasyon ofisyèl yo ak **KMF Òganizasyon** an epi ak tout rès manb yo.
- Fè rapwochman **Òganizasyon** an ak tout lòt entistisyon tankou prive, piblik, sosyete sivil ak entènasyonal.
- Fè pwomosyon ak enfòme lòt moun sou aktivite **Òganizasyon** an ap fè pou li kapab genyen nouvo manb ak bon renome.
- Defann valè, onètete, ak repitasyon **Òganizasyon** an devan tout lòt moun.

E- Konseye Jeneral.

- Bay bon jam konsèy ak bòn direksyon sou tout desizyon ki ap pran nan **KMF Òganizasyon** an.
- Ranplase yon lòt manb nan **KMF Òganizasyon** an lè genyen vakans ak anpèchman.

- Akonpaye ak bay asistans ak **KMF Òganizasyon** an ak tout lòt estrikti yo nan travay yo ap fè.
- Veye sou fason tout **Estrikti Òganizasyon** an ap fonksyone epi fè rekòmandasyon pou yo rive byen fonksyone.
- Sèvi abit lè genyen bouch louvri ak chire pit nan **KMF** ak lòt **Estrikti Òganizasyon** an.

Atik 7- Pwosedi Eleksyon Ak Dire Manb Komite.

7.1- Komite Manb Fondatè (**KMF**) Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) ap monte pa mwayen vòt inanim pou tout **Manb Fondatè** yo pou diferan pòs ki genyen nan **Komite** a. **Manb Fondatè** yo kapab pote yo kandida volontè oubyen yo deziye yo nan yon pòs sou baz eksperyans ak konpetans yo genyen.

7.2- Nan ka yon deziyasyon pou yon pòs, depi tout **Manb Fondatè** yo dakò pap genyen vòt se sèlman aklamasyon ki ap genyen.

7.3- Nan ka genyen **Manb Fondatè** ki dakò ak lòt **Manb Fondatè** ki pa dakò, se pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Fondatè** yo kandida a ap rive genyen pòs la. Se toujou vwa majorité a ki ap pase.

7.4- Eleksyon pou **Komite Manb Fondatè (KMF)** Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) dwe fèt obligatwaman chak **Douze (12) Mwa**, sa vle di chak **Yon (1) Lanne**. Manda li ap kòmanse nan dat eleksyon an te fèt la pou monte ou renouvre **Komite** a.

Atik 8- Dwa Prezidan An Nan Konvokasyon Ak Moderasyon Reyinyon.

8.1- Kèlkeswa reyinyon ki ap fèt la sou kèlkeswa fòm li ap fèt la tankou fizikman, apèl konferans ak apèl vidéyo, se **Prezidan** an ki ap genyen dwa pou li fè konvokasyon ak **Komite Manb Fondatè (KMF)** epi ak lòt **Estrikti Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**. Epi se **Prezidan** ankò ki ap genyen dwa pou li fè moderasyon reyinyon an.

8.2- Sepandan, nan ka **Prezidan** an ta genyen yon anpechman, se **Konseye Jeneral** la a ki ap genyen dwa pou li jwe wòl **Prezidan** an genyen nan konvokasyon ak moderasyon reyinyon.

8.3- Konsa tou, kit se **Prezidan** an kit se **Konseye Jeneral** la ki te fè konvokasyon an, youn nan yo kapab mande nenpòt manb **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pou jwe wòl moderatè nan reyinyon an pou pèmèt patisipasyon anplis chak manb nan jesyon tan rankont yo ak tan lapawòl.

Atik 9- Reyinyon Manb Fondatè Ak Desizyon.

Tout **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** yo dwe prezan nan tout reyinyon ki ap fèt, kèlkeswa fòm li ap fèt la, tankou; fizikman, apèl konferans ak apèl vidéyo. Si toutfwa ta genyen yon **Manb Fondatè** ki pap ka prezan nan yon reyinyon, **Manb Fondatè** a dwe fè **Prezidan** an konnen sa davans. Nan ka kontrè, **Manb Fondatè** ki prezan yo ap pran tout desizyon pou avansman **Òganizasyon** an.

Atik 10- Respè Règleman Entèn Nan Desizyon Manb Fondatè.

Kèlkeswa desizyon majorite **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap pran, fòk desizyon sa a pa vyole youn nan atik ki nan **Règleman Entèn Òganizasyon** an. Si desizyon an ta rive vyole **Prensip Fondamantal Règleman Entèn** nan, desizyon sa a, menm si se majorite **Manb Fondatè** yo ki pran li ebyen desizyon sa a pap valab.

Atik 11 - Delè Pou Konvokasyon Manb Fondatè.

Tout konvokasyon pou reyinyon **Komite Manb Fondatè (KMF) Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap fèt **Vennkat (24) èd Tan** alavans. Sepandan, si ta genyen yon ijans nan **Òganizasyon** an, nan ka sa a, **Prezidan** an ap genyen dwa pou li konvoke tout **Manb Fondatè** yo san li pa teni kont ni jou ak lè li ye a.

Atik 12- Desizyon Pou Yon Manb Fondatè Ki Abandone.

Si nan yon reyinyon **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ta genyen pou yo pran yon desizyon pou bon mach **Òganizasyon** an, ta genyen yon **Manb Fondatè** ou plizyè **Manb Fondatè** ki ta deside kite reyinyon an pou kèlkeswa rezon an, san reyinyon an poko fini, lè sa a, lòt **Manb Fondatè** yo ki rete yo ap genyen dwa pou yo pran kèlkeswa desizyon an menm si yo pa majorite depi se pou bon mach **Òganizasyon** an epi depi li cadre ak **Estatí Òganizasyon** an.

Atik 13- Respè Pou Desizyon Majorite Manb Fondatè.

Tout **Manb Fondatè** dwe respekte desizyon majorite **Manb Fondatè** yo pran depi desizyon sa pa kontré ak filozofi, misyon epi vizyon **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap defann.

Atik 14- Kowòm Pou Manb Fondatè Pran Desizyon.

Tout gwo desizyon **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap genyen pou yo pran pou bon mach **Òganizasyon** an, **Manb Fondatè** yo dwe pran li nan yon reyinyon epi reyinyon sa a dwe genyen majorite **Manb Fondatè** ladann. Nan ka pa ta genyen majorite **Manb Fondatè** ki prezan nan reyinyon an, Lè sa a, lòt **Manb Fondatè** yo ki prezan pap kapab Pran okenn gwo desizyon.

Atik 15- Obligasyon Respè Youn Pou Lòt.

Respè youn pou lòt se yon obligasyon nan mitan tout **Manb Fondatè** yo, menm jan sa ekri nan atik yo ki nan **Estatí Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.

Atik 16- Frekans Reyinyon ak Sanksyon.

Kategori Manb Fondatè (Board) Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) dwe reyini **Youn (1) Fwa** nan **Mwa** men se chak dènye **Dimanch Mwa**, pou diskite sou pwogrè ki fèt ak pèspektiv yo konvokasyon sa ap fèt ak tout **Manb Fondatè** yo sou platfòm vityèl yo pa yon mesaj, oubyen yon nòt ki pote siyati **Sekretè Jeneral Komite Manb Fondatè (KMF) Òganizasyon** an. Sou jou ak lè reyinyon sa ap fèt dire reyinyon sa a pa dwe depase **De (2) èd Tan**.

Atik 17- Montan kotizasyon Dwa Manb Fondatè.

Kotizasyon **Dwa Manb Fondatè** yo, obligatwa pou tout **Manb Fondatè** ki ap viv nan peyi **Letranje** ak peyi **Dayiti**.

- **Montan Peyi Letranje \$ 30 us.**
- **Montan Peyi Dayiti 1000 gds.**

Atik 18- Don Manb Fondatè.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** a kapab fè **Don** ak **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** sou kèlkeswa fòm nan tankou an espès epi an nati.

Atik 19- Peryòd Kotizasyon Manb Fondatè.

Kotizasyon tout **Manb Fondatè** yo obligatwa. Montan sa dwe vèse **Chak Mwa**, sòti **Premye (1)** pou rive **Kenz (15)** nan **Mwa** a.

Atik 20- Lòt Peryòd Kotizasyon Manb Fondatè.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** li ye a kapab vèse montan kotizasyon **Dwa Manb** li chak **Twa (3) Mwa, Sis (6) Mwa, Nèf (9) Mwa** epi **Douz (12) Mwa** a lavans pandan lanne a.

Atik 21- Limit Kotizasyon Ak Pèt Dwa Manb.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** li ye a, li pa genyen dwa pou li depase **Katrevendis (90) Jou**, sa vle di **Twa (3) Mwa** san li pa vèse montan kotizasyon **Dwa Manb** li. Si sa ta rive, **Manb Fondatè** a ap pèdi **Dwa Manb** li. Tankou, **Manb Fondatè** a pap kapab Patisite nan kèlkeswa reyinyon an. Epi **Manb Fondatè** a pap kapab pran okenn desizyon nan non **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** sa vle di **Manb fondatè** a ap **Inaktif**, Kidonk **Manb Fondatè** a dwe koube anba tout sanksyon ak tout desizyon lòt **Manb fondatè** yo pran.

Atik 22- Pwosedi Pou Reprann Dwa Manb.

Pou yon **Manb Fondatè** rive jwenn **Dwa Manb** li te pèdi a, fòk **Manb Fondatè** a vèse tout montan kotizasyon li te dwe vèse yo pandan **Katrevendis (90) Jou** a epi fòk **Manb Fondatè** a tou vèse tout montan kotizasyon **Dwa Manb** li pandan absans **Dwa Manb** li a. Lè sa a ap fèt, **Manb Fondatè** a dwe vèse tout montan kotizasyon **Dwa Manb** li yon sèl kou. Konsa **Komite Manb Fondatè (KMF)** la ap pèmèt manb la reprann **Dwa Manb** li te pèdi a.

Atik 23- Rekovreman Dwa Manb Ak Limitasyon Dwa Mnab.

Si yon **Manb Fondatè** ta pèdi **Dwa Manb** li, epi aprè sa **Manb Fondatè** a ta rejwenn **Dwa Manb** li ankò, lè sa a, tout desizyon lòt **Manb Fondatè** yo te gentan pran pou bon mach **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, nan moman absans **Manb Fondatè** a te pèdi **Dwa Manb** li a, **Manb Fondatè** a pap kapab bay opinyon li ni kase okenn nan desizyon ki te gentan pran yo.

Atik 24- Sanksyon Pou Manb Fondatè ki Abandone.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** ki nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, pa genyen dwa pase **Douz (12) Mwa** san **Dwa Manb** li pou kèlkeswa rezon an, Sinon, **Manb Fondatè** a ap vini yon **Manb Inaktif**. Kidonk **Manb Fondatè** a dwe remèt tout sa ki nan men li si li genyen epi facilite tout chanjman yo pou avansman **Òganizasyon** an.

Atik 25- Radyasyon San Reklamasyon.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** a ki ta soti nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, pou kèlkeswa rezon an **Manb Fondatè** a pap kapab fè okenn reklamasyon. Epi pa blyiye, tout sa yon **Manb Fondatè** bay nan **Òganizasyon** an sou kèlkeswa fòm li ye a se **Don** li ye, kidonk okenn **Manb Fondatè** pa genyen dwa: **Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabruk Elatriye.**

Atik 26- Pwosedi Pou Yon Manb Fondatè Demisyone.

Si yon **Manb Fondatè**, ta deside demsiyone, pou pwòp rezon pa li epi san okenn lòt **Manb Fondatè** pa ni fòse li ni mande li demsiyone, **Manb Fondatè** a genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, **Manb Fondatè** a dwe konsilte **Papa Lide** a ki te pèmèt entegrasyon li nan **Òganizasyon** an pou diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, **Manb Fondatè** a ap genyen pou li konsilte tout lòt **Manb Fondatè** **Òganizasyon** an, pou diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblige demisyone.

- Se aprè li fini konsilte ak diskite ak **Manb Fondatè** sa yo, **Manb** la ap genyen posiblite pou ekri lèt demisyon li a ki ap adrese ak **Komite Manb Fondatè (KMF)**.
- Pwosedi sa valab pou tout **Manb Fondatè** nan **Òganizasyon** an ki ap demsiyone.
- Pou **Manb Fondatè** ki te nan **Komite Manb Fondatè (KMF)**, fòk li remèt tout dosye, materyèl ak ekipman **Òganizasyon** an ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt **Manb Fondatè** ki ap ranplase manb la genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye.

Atik 27- Byen Materyèl Ak Imateryèl Fason Pou Yo Itilize.

Tout byen materyèl ak imateryèl dwe disponib pou tout **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** nan kad travay yo. Sepandan, tout byen materyèl ak imateryèl **Òganizasyon** an pa dwe itilize pou afè pèsonèl kèlkeswa **Manb Fondatè** li ye a.

Atik 28- Konfidansyalite Nan Pataj Enfòmasyon.

Si ta genyen yon **Manb Fondatè** pou yon rezon ou pou yon lòt ki ta deside pataje enfòmasyon pèsonel **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ak yon lòt manb ou plizyè lòt manb ki pa genyen otorizasyon pou sa, epi ki pa fè pati nonplis **Òganizasyon** an, **Manb Fondatè** sa a pap janm genyen aksè ak enfòmasyon pèsonèl **Òganizasyon** an ankò.

Atik 29- Repatisyon Depans.

Tout depans ki prevwa fèt pou bon mach **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** dwe fèt volontè, sa vle di li pa yon obligasyon pou **Manb Fondatè** a. Sa a ap fèt selon volonte ak katasite **Manb Fondatè** a genyen.

Atik 30- Kotizasyon Manb Fondatè.

Tout kotizasyon **Manb Fondatè** yo se pou reyalize yon pwojè kèlkonk swa a kou tèm, mwayen tèm epi ak lon tèm pou avansman **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**. Okenn **Manb Fondatè** pa genyen dwa pou ni prete li, ni reprann li, epi ni itilize li aprè kotizasyon **Manb Fondatè** yo sou kèlkeswa fòm nan.

Atik 31- Respè Don.

Kèlkeswa fòm **Don** an yon **Manb Fondatè** fè oubyen yon lòt **Manb** fè epi ak nenpòt lòt **Moun** fè pou **Òganizasyon** an, pa pou okenn **Manb Fondatè** a tit pèsonèl. Lè **Administrasyon** an mete yo ansanm yo tout tounen fon pou **Estrikti** a ki ap aji anba yon chapo yon **Pèsòn** moral.

Atik 32- Amandman Règleman Entèn.

Règleman Entèn Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO), kapab modifye chak **Youn (1) Lanne** si sa nesesè, men fòk majorite **Manb Fondatè** yo aksepte pou sa posib. Sepandan li kapab modifye tou nenpòt moman nan peryòd sa, men fòk tout **Manb Fondatè** yo aksepte pou sa posib.

Atik 33- Respè Règleman Entèn.

Tout **Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, genyen pou obligasyon pou yo aplike, respekte epi fè aplike, respekte **Règleman Entèn Manb Fondatè** a.

Atik 34- Delè Siyati Règleman Entèn Nan ak Sanksyon.

Aprè siyati **Règleman Entèn Manb Fondatè** Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO), Tout **Manb Fondatè** yo dwe respekte epi fè respekte akò yo fini siyen an, Sinon, **Manb Fondatè** sa a ap genyen yon delè **Twa (3) Jou** fran pou li deside. Si delè sa a pase, **Manb Fondatè** sa a pap kapab fè pati **Manb Fondatè** Òganizasyon an ankò.

Mwen menm _____ **Mwen** li, **Mwen** komprann,
Mwen aksepte epi **Mwen** siyen paske **Mwen** dakò ak tout **Atik** san manke yon yota ki nan
Règleman Entèn Manb Fondatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) pou mete yo an
aplikasyon epi koube **Mwen** anba sanksyon yo chak fwa **Mwen** vyole youn ladan yo.

Fèt Nan Dat 06 Desanm 2022

Dat _____ / _____ / _____

Siyati Manb Fondatè OHO